машқ орқали инсон ёшликдан ватанни севиш, ҳимоя қилиш, уни қадрлаш, соғлом ўсишини таъминлаш баробарида уларни ақлий ва жисмоний меҳнатга, шунингдек, Ватан мудофаасига тайёрлаш каби хусусиятарнинг шаклланишини ифодалаб беради.

Шарқнинг улуғ табибларидан бири, тарихга “Шайх ар-Райс”номи билан кирган Бухоролик Абу Али ибн Сино ҳам инсондаги ҳар хил фазилатларнинг мавжудлиги ва уларнинг шакилланиш жараёнига алохида тўхталиб ўтганлигини кўришимиз мумкин. У инсондаги қуйидаги фазилатларга тухталиб: жасурлик—бирор ишни бажаришда кишининг жасурлиги, чидамлилиги, инсон бошига тушган ёмонликни тўхтатиб турувчи қувват, ақллилик—бирор ишни бажаришда шошма-шошарлик қилишдан сақловчи қувват, зийраклик—сезги берган нарсаларнинг ҳақиқий маъносини тезлик билан тушунишга ёрдам берувчи қувват деб баҳолаган. Алломанинг жасурликда ҳикмат кўп деган фикрини, унинг ушбу масалага муносабатларини ва қарашларини куплаган олимлар тахлил қилган ва кўрсатиб ўтганлар.

Ибн Сино «Тиб қонунлари» асарида бола катта бўлиб, етилган чоғида жисмоний тарбияга аҳамият бериш зарурлигини айтади. Унинг уқтиришича, одам йигитлик, етуклик ёшида ҳамда улғайган даврида соғлиқ-саломатлигини сақлаш учун зарур бўлган жисмоний машғулот билан шуғулланишлари лозим ва керак. Бундай машқлар сифатида ёшликдан ҳар хил масофаларга юриш ва югириш машқларининг аҳамиятини “Тиб қонунлари” асарида ёзиб қолдирганлигини такидлашимиз мумкин [2:37].

Ибн Сино ўз асарлари ва қарашларида инсон саломатлиги учун зарур бўлган баданни турли хил машғулотларга, ҳаракатларга ўргатишни назарда тутганлигини ва унинг фикрича, жисмоний машғулотлар билан ўз вақтида ва мустақил шуғулланиб борувчи одам ҳеч қандай даволанишга муҳтож бўлмаслигини такидлаган. Жисмоний машқларни қайси вақтда ўтқазиш кераклиги, уларнинг давомийлиги, инсон организмининг қайси қисмига таъсир қилишини ҳам бу асарда аллома тушунарли, қисқа тахлиллар билан китобхонларга тушунтириб ўтган, жисмоний машқларнинг инсон руҳий оламини тетиклаштира олиш имкониятларига алохида тўхталган. Аммо жисмоний машғулотлар ортиқча бўлмаслиги керак, акс ҳолда баданнинг тезда чарчаб қолишига олиб келади, жисмоний машғулотларни бутунлай ташлаб юбориш эса баданнинг қариб, тезда ишдан чиқишига сабаб бўлади деб курсатади [3:45].

Ибн Сино жисмоний тарбия ҳақида сўз юритар экан ўз давридаги жисмоний машғулот турлари - арқон тортиш, муштлашиш, камонда отиш, тез юриш, найза отиш, сакраш, қиличбозлик, отда юриш, турли хил курашларнинг аҳамиятини кўрсатади, тез ва кучли ҳамда юмшоқ ва аста-секин бажариладиган машғулотларнинг бир нечта турини санаб ўтади. Ҳар бир инсон ўзининг хулқ атвори, имкониятлари, қобилиятлари, хоҳишига қараб жисмоний машғулот турини белгилаб олиш керак.

Ибн Сино китобида жисмоний тарбиянинг назарий асосларини баён этиш билан бирга, амалий масалаларни ҳам кенг ёритган: инсон ёши ошиб бориши жараёнида жисмоний машғулот турларининг ҳам ортиб боришини таъкидлайди. Умуман, Ибн Сино ушбу асарида жисмоний тарбияни тиббиётнинг ажралмас таркиби - инсон саломатлигини сақлашнинг муҳим шарт-шароити қилиб қўяди. Бу ғояларнинг мамлакатимиз сарҳатларида яшаган ота-боболаримиз маънавиятида азал-азалдан акс этиб келганлигини кўришимиз мумкин.

**Адабиётлар**

1. Алишер Навоий. Хамса. -Тошкент: 1960.
2. Абу Али ибн Сино. Тиббий угитлар. -Тошкент: “Меҳнат”, 1991.
3. Жониматова Х. Абу Али ибн Сино таълим-тарбия туғрисида. -Т.: “Ўқитувчи”, 1990.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада буюк Шарқ алломаларининг жисмоний тарбияга оид қарашлари ва улардан бугунги кун узлуксиз таълим тизимида фойдаланишнинг истиқболлари, кутиладиган натижалар ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы о взглядах великих мыслителей Востока по физическому воспитанию, перспективы их применения в современной системе непрерывного образования и ожидаемые результаты.

**SUMMARY**

The article deals with the questions about the views of oriental thinkers on physical education, perspectives of their use in modern system of continued education and expected results.

## ORTA BILIM BERIW MEKTEPLER QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ PÁNINDE OQÍWShÍLARǴA TARIYXIY BILIMLERDI QÁLIPLESTIRIW USÍLLARÍ HÁM ÁHMIYETI

**N.M.Tleumuratova** - *aǵa oqıtıwshı*
*Qaraqalpaqstan Respublikası xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin qayta tayarlaw hám qánigeligin arttırıw aymaqlıq orayı*

**Tayanch so’zlar:** Qoraqalpoǵiston tarixi, óqitish uslublari, dars samaradarligini oshirish yóllari.
**Ключевые слова:** история Каракалпакстана, методика обучения, пути повышения эффективности занятий.
**Key words:** history of Karakalpakstan, teaching methods, ways of increasing efficiency of studies.

Ulıwma orta bilim beriw mektepleri oqıwshılarınıń tariyx sabaqlarında alatuǵın tariyxıy bilimlerin qáliplestiriw procesi óz-ara baylanısqan bir neshe bólimlerden ibarat bolıp, házirgi kúnde tariyx sabaqları procesinde oqıwshılardıń tariyxıy bilimlerin qáliplestiriwde, olarda tariyx pánine bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıwda bunday bólimlerden paydalanıw bilimlendiriw sistemasınıń aldında turǵan aktual wazıypalardan biri bolıp tabıladı. Sol sebepli búgingi zamanagóy tariyx páni oqıtıwshısı bul proceslerdi tuwrı ózlestirip alıwı kerek. Bul jumıstı jazıwda «Qaraqalpaqstan tariyxı» (8-klasslar ushın) páni mısalında oqıwshılarda tariyxıy bilimlerdi qáliplestiriw procesiniń tiykarǵı quramlı bólimleri hám olardıń oqıtıwshı tárepinen orınlanıwı tuwralı analiz jasawǵa háreket etemiz.

2017-jıl 3-avgust kúni jurtbasshımız Shavkat Mirziyoyev Ózbekstan dóretiwshi zıyalılar wákilleri menen bolǵan ushırasıwda «Ádebiyat hám kórkem óner, mádeniyattı rawajlandırıw xalqımız mádeniy álemin kóteriwdiń bekkem tırnaǵı» [1:2] atlı bayanatında tarawdıń jetiskenlikleri, mashqala hám kemshiliklerine ayrıqsha toqtalıp ótti. Prezidentimiz bayanatında «Biz bir nárseni heshqashan esimizden shıgarmawmız kerek. «Eger «ǵalabalıq mádeniyat» qáwipi shetten - batıstan kirip keledi desek qatelesemiz. Bul ózimizden, óz aramızdan da shıǵıwı múmkin, degen pikirdi ayrıqsha aytıp ótti. Haqıyqatında jámiyetimizde áne usınday illetlerdiń aldın alıw perzentlerimiz sana sezimin «ǵalaba mádeniyattan» asırap abaylawda ádebiyattı tiykarǵı qural etip alıwımız maqsetke muwapıq.

Oqıwshılardı jańa oqıw materialın úyreniwge tayarlaw – sabaq waqtında hám sabaqtan soń úyge berilgen tapsırmalardı orınlaw waqtında olardıń dıqqat itibarın hám bilim alıwdaǵı aktivliligin iske salıwdan, oqıwshılardıń úyreniwi kerek bolǵan tapsırmanı orınlaw waqtında olardıń

dıqqat-itibarın hám bilim alıwdaǵı aktivliligin iske salıwdan, oqıwshılardıń úyreniwi kerek bolǵan máselelerge qızıqtırıwdan, olardıń aldına orınlay alatuǵın oqıw tapsırmaların qoyıwdan ibarat. Jańa materialdı úyreniwde oqıwshılardı úyge berilgen tapsırmanı orınlaw arqalı da tayarlaw múmkin.

Oqıtıwshı jańa materialdı úyretiwge kiriser eken, onı ótken materiallar menen baylanıstıradı, oqıwshılardıń jańa maǵlıwmatlarǵa salıstırıp kóriwi hám sol jol menen ulıwma juwmaqlar shıǵarıwı ushın zárúr bolǵan bar bilimlerin iske saladı.

Ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 8-klasslarında ótiletuǵın «Qaraqalpaqstan tariyxı» sabaqlıǵında hár bir temaǵa tiyisli birneshe sorawlar berilgen, bul sorawlar oqıwshılardıń jańa material mazmunın jaqsıraq ózlestiriwi ushın kerekli eski materialdı túsiriwi ushın járdem beredi hám de olardı aldın úyrenilgen dáliyller menen endi úyreniletuǵın dáliyller arasındaǵı baylanıslardı bilip alıwǵa, keyin bolsa olardı bir-birine salıstırıwǵa hám ulıwmalastırıwǵa baǵdarlaydı [2:142].

Máselen, 8-klass «Qaraqalpaqstan tariyxı» sabaqlıǵında («Qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵı quramında (1810-1873)» (34-bet) temasınan aldın) berilgen «Qaraqalpaqlardıń xanları haqqında nelerdi bilesiz?» degen soraw solardıń biri bolıp esaplanadı. Bul soraw oqıwshılar aldına ótilgen materialdı eslewdi wazıypa etip qoyıw menen birge, olardı XVIII-XIX ásir baslarında qaraqalpaqlardıń xanları haqqında bilimlerin ulıwmalastırıp barıwǵa tayarlaydı. Bunday sorawlar 6-7-klass «Qaraqalpaqstan tariyxı» sabaqlıqlarında da bar.

«1827-1828-jıllardaǵı Aydos biy basshılıǵındaǵı xalıq koterilisi» (64-bet) temasınan aldın oqıwshılarǵa qazıw islerine qaraqalpaqlar jılına qansha adam jiberiwge minnetli bolǵan yamasa zakat qanday muǵdarda óndirilgen, degen tapsırma berilgen. Sabaq basında bul material tákirarlansa, oqıwshılar Aydos biy basshılıǵındaǵı xalıq kóterilisiniń kelip shıǵıw sebeplerin jaqsıraq túsinip aladı.

Oqıwshılardı jańa bilimlerin aktivlestiriwge tayarlawdıń jáne basqa bir nátiyjeli quralı jańa materialdı úyretiwden aldın olardıń aldına oqıw-biliw wazıypaların qoyıwdan ibarat. Metodikalıq ádebiyatlarda bul wazıypalar jiyi logikalıq tapsırmalar dep ataladı, sebebi olar tariyxıy material ústinde logikalıq is alıp barıw jolı menen orınlanadı. Oqıwshılarǵa berilgen oqıw-biliw wazıypaları ishine: úyreniletuǵın hádiyseniń sebeplerin hám áhmiyetin anıqlaw, tariyxıy waqıyalardıń ulıwma ózgeshelikleri hám parıqların kórsetiw, waqıyanıń rawajlanıwındaǵı tiykarǵı basqıshların belgilew, waqıyaǵa yaki tariyxıy shaxs haqqında óz pikirlerin bayan etiwi hám basqalar kiredi. Bir neshe jaǵdaylarda oqıw-biliw wazıypası úyreniletuǵın materialdıń rejesin dúziw, materialdaǵa tiykarǵı pikirlerdi bayan etiw, shıǵarılgan juwmaqlardı tiykarlap beriw hám basqalardan ibarat boladı.

Oqıwshılardıń oqıw-biliw wazıypaların orınlawı olardıń jańa materialdı ózlestiriwi ushın zárúr bolǵan aldıńǵı bilimlerin aktivlestiredi, oqıtıwshı bunday wazıypalardı aldın ótilgen materialdı oqıwshılardan sorap shıǵıw waqtında beriletuǵın tapsırmalar aldıńǵı ótilgen material menen tema boyınsha baylanıslı bolǵan jańa materialdı analizlew hám ulıwmalastırıwǵa baǵdarlaydı. Máselen, XVII-XVIII ásirdegi Xiywa xanlıǵınıń payda bolıwı tuwralı materialdı oqıwshılardan sorap shıǵıw protsessinde «Ózbekstan tariyxı» páni menen baylanıstırıp, sol dáwirdegi Buxara hám Qoqan xanlıqlarınıń jámiyetlik siyasiy turmısı menen de baylanıstırıp ótiwi kerek.

Ózbekstan Respublikasında bilimlendiriw sistemasınıń reformalanıwı nátiyjesinde aldıńǵı oqıtıwshılar óz iskerliklerinde hár túrli usıllardı qollanıp, oqıwshılardıń biliw iskerligin aktivlestiriw hám olardıń erkin pikirlew qábiletin kúsheyttiriw maqsetinde mashqalalı jaǵdaylardı jaratıw usılın tez-tezden qollanılıp turadı. Mashqalalı jaǵday jaratıw usıllarınan biri – sabaq temasın mashqalalı etip qoyıwdan ibarat.

Jańa material úyreniliwinen aldın oqıtıwshı úyreniletuǵın waqıya hám hádiyselerdiń sebepleri hám aqıbetlerin erkin túrde anıqlaw, olardıń mazmunın ashıp beriw kerek degen mashqalanı ortaǵa qoyadı, oqıwshılar náwbettegi jumıs dawamında bul mashqalanı sheship baradı.

Oqıwshılardıń aldına mashqalalar qoyıw oqıtıwshıdan dáliyllerdi oqıwshılarda erkin túrde izleniw hám pikir júrgiziwge qızıǵıwshılıq tuwdıratuǵın etip tańlaw hám toparlarǵa bóliwdi talap etedi.

Jańa materialdı úyreniwden aldın sabaqta mashqalalı jaǵday jaratıwǵa bir mısal keltirip ótemiz. Oqıtıwshı 8-klassta «1855-1856-jıllardaǵı Ernazar Alakóz basshılıǵındaǵı xalıq kóterilisi» degen temanı baslaǵanda, oqıwshılardıń aldına «qashan qaraqalpaqlar arasında Xiywa xanlıǵına qarsı kóterilisler payda boldı" degen mashqalanı qoyadı hám olardıń itibarın bul máseledegi anıq kórinip turǵan sebeplerge qaratadı [2:56].

Oqıwshı bul mashqalanı aldın ózlerine belgili bolgan, sabaqta oqıtıwshı aytıp beretuǵın hám de sabaqlıq tekstin oqıw waqtında bilip alınatuǵın dáliyllerdi analizlew jolı menen sheshiw kerek.

Oqıwshılarda aldın ótilgen temadaǵı 1855-1856-jıllardaǵı Ernazar Alakóz basshılıǵındaǵı xalq kóterilsiniń kelip shıǵıw sebeplerin biliwge qızıǵıwshılıǵı olardı 1827-1828-jıllardaǵı Aydos biy basshılıǵındaǵı xalıq kóterilisniń kelip shıǵıw sebeplerine hám onıń aqıbetleri tuwralı algan bilimlerin eslewge jeteleydi. Oqıwshılar usı bilimlerin iske saladı hám de eki kóterilistiń kelip shıǵıw sebeplerin bir-birine salıstıradı, nátiyjede bul is olardı kerek bolǵan juwmaqlarǵa jaqınlastıradı, olardıń juwmaqları dáliyllerge kóbirek tiykarlanǵan, sanalı túrde shıgarılgan juwmaqlar túsin aladı, jańa bilimler bolsak tereń hám puxta boladı.

Sabaqtıń kirisiw bólimi sıpatında qanday da bir hújjetten, ayırım jaǵdayda bolsa úyreniletuǵın mashqalanıń áhmiyetin sáwlelendiriwshi hám oqıwshılardıń pikirin belgili mashqalanı erkin túrde sáwlelendiriwshi hám sheship beriwge baǵdarlawshı, bir-birine qarama-qarsı mazmundaǵı eki hújjetli maǵlıwmattan paydalanıw jolı menen de mashqalalı jaǵday jaratıw múmkin [2:32-34].

Joqarıda aytıp ótilgenindey, tariyx sabaqların bay hám nátiyjeli shólkemlestiriwdiń jáne bir jol mashqalalı jaǵdaylardı keltire alıw hám mine usı processte didaktikalıq oyınlardan paydalanıwdan ibarat. Tariyx sabaqlarında oqıtıwshı hár bir temaǵa tiyisli kórgizbe, karta hám hár túrli oyınlar usıllarınan paydalanıwı múmkin eken, dáslep hár bir sabaqta temanıń xarakterinen kelip shıǵıgıp, xalqımızdıń bay pedagogikalıq tájiriybesine múrájat etedi, onnan paydalanıw imkaniyatların izleydi.

Biz bul jerde sabaq nátiyjeliligin asırıw qanday maqsetlerdi gózlewin de aytıp ótiliwi lazım dep oylaymız.

1. Ótilip atırǵan temadan gózlengen maqsetti uqtırıw menen birge, oqıwshılar tańlanǵan materialdı aktiv ózlestiriwge baǵdarlanǵan bolıwı kerek. Yaǵnıy oqıtıwshı bayan etip atırǵan materiallar mashqalalı sorawlar arqalı jetkeriliwi oqıwshılardı erkin pikir júritiwge, temanı sanalı ózlestiriwge umtılıwın támiynlewi kerek.

2. Ajıratılgan waqıt ishinde oqıtıwshı materialdı sistemalı, izbe-iz bayanlaw menen bir waqıtta, oqıwshılardı da temaǵa tiyisli jumıs alıp barıwın támiyinlewi júdá áhmiyetli.

Oqıtıwshı sabaq materialları júzesinen sonday mashqalalı sorawlar bersin, temanı bayanlaw procesinde oqıwshı pikirlesin, izlensin, tariyxıy waqıyanı analiz ete alsın. Bunıń nátiyjesinde bolsa temanı puqta ózlestiriliwge erisiw múmkin boladı. Oqıtıwshı jáne bir áhmiyetli nárseni umıtpawı kerek, yaǵnıy klass jámááti hám hár bir oqıwshınıń ózine tán ózgeshelikleri esapqa alınǵan bolıwı zárúr.

3. Házirgi waqıtta uzaqtan uzaq waqıttı joq etip oqıwshılardıń bilimin anıqlaw hám bahalaw, bilimlerin

bayan etiw hám bekkemlewde oqıwshılar qatnasın sheklep qoyıw jaǵdaylarına shek qoyılmaqta, bilimlerin bayan etiwde oqıwshılar aktivliligi hám tájiriybe jumısları iske salınıwı kerek. Bul bolsa, óz gezeginde oqıwshı aldınnan alǵan bilimlerin eske túsiredi, jańa bilimlerin bekkemleydi, mashqalalı tálim sistemasın tereńlestiredi.

4. Tariyx sabaqlarında mashqalalı jaǵdaylardı payda etiw oqıwshını logikalıq pikir júritiwde qunt hám kúshti tárbiyalaw, sóylew mádeniyatın rawajlandırıw, tiyisli kónlikpe hám bilimlerin ámelde analiz jasay alıw imkaniyatın beredi.

5. Tariyx sabaqları procesinde oqıw materialınıń basqa pánler menen baylanıslılıǵı esapqa alınadı hám temalar birin-biri tolıqtırıp, bekkemlenip baradı.

Biz joqarıda sanap ótken tárepleri tariyx sabaqlarında mashqalalı tálimdi engiziwdiń zárúrligin kórsetedi, mashqalalı jaǵdaylar bolsa, sabaqtıń nátiyjeliligin asırıwdıń áhmiyetli quralı bolıp qala beredi.

**Ádebiyatlar**


1. Mirziyoyev Sh.M. "Adabiyot va san’at, madaniyatni rivojlantirish - xalqimiz mánaviy olamini yuksaltirishning mustahkam poydevoridir" nomli ma’ruzasi. / «Xalq sózi», 2017 yil, 4 avgust.
2. Qaraqalpaqstan tariyxı. (8-klass) M.Tleumuratov, J.Berdiev, Z.Tleumuratova. -N.: 2014.
3. Toshpólatov T., Gafforov Ya. Tarix óqitish metodikasi. -T.: “Universitet”. 2002.



**REZYUME**

Bu maqolada «Qoraqalpoǵiston tarixı» (8-sinf) fani mısolida óquvchilarda tarixiy bilimlarni shakllantirish jarayonining asosiy tarkibiy qismlari va ularning óqituvchi tomonidan bajarilishi haqidagi fikrlar o’rin olgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о процессах формирования знаний учащихся по истории на примере предмета «История Каракалпакстана» (8-класс) и их выполнении преподавателями в учебном процессе.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of the process of formation of schoolchildren’s knowledge in history on the example of the subject "History of Karakalpakstan " and performing these tasks by teachers.


## ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ҒӘРЕЗСИЗЛИК ЖЫЛЛАРЫНДА ПЕДАГОГИКА ИЛИМИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ


**Т.Т.Утебаев** - *педагогика илимлериниң докторы, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: таълим, таълим ислоҳоти, педагогика, педагогик фикрлар, таълим тарихи, дидактика, тарбия, тарбия назарияси, шахсга йўналтирилган таълим, таълимни модернизациялаш.

**Ключевые слова:** образование, реформа образования, педагогика, педагогические мысли, история образования, дидактика, воспитание, теория воспитания, образование, направленное на личность, модернизация образования.

**Key words:** education, reforms of education, pedagogics, pedagogic thoughts, history of education, didactics, upbringing, theory of upbringing, education directed to the personality, modernization of education.


Ғәрезсизлик дәўиринде мәмлекетимизде экономика, мәденият ҳәм илимниң раўажланыўында әдеўир табыслар қолға киргизилди. Әсиресе, педагогика илими тараўында түпкиликли бурылыслар болды, жаслардың мәнаўий тәрбиясы қолға алынды. Педагогика илими ҳәр тәреплеме раўажланып, оны изертлеўши алымлар қатары жетилисип толысты. Жаңа педагогикалық ойпикирлер жүзеге келди. Ғәрезсизлик жыллардың 1991-2012-жыллар ишинде яғный биринши 20 жыл ишинде 2 илим докторы ҳәм 50ге жақын илим кандидатлары жетилисип шықты. Олар педагогика тарийхы, теориясы ҳәм оқытыў усыллары бойынша ҳәр қыйлы илимий машқалаларды заман талабына сай шешип берди. Нәтийжеде тәлим-тәрбия мәселелери бойынша жаңа педагогикалық концепциялар жүзеге келди.

Педагогика теориясы ҳәм тарийхы тараўы бойынша ғәрезсизликтиң биринши он жыллығында педагогика илимлериниң докторы, профессор Ө.Әлеўов, педагогика илимлериниң кандидатлары, доцент И.Алланиязов, Г.Жумашева, У.Сейтжанова, И.Пирниязов, П.Абдимуратов, Р.Сейтимбетова, Ф.Бабашев, А.Тилегенов, Т.Сапарбаевлар өзлериниң илимий жумысларын қорғап шыққан болса, екинши он жыллықта З.Қурбаниязова, М.Пазылова, П.Берданова, С.Романова, Т.Қудайбергенова, Т.Жиемуратов, Р.Алеуова, Р.Нуржанова, Р.Төрежанова, Қ.Сейтмуратов, А.Бекимбетова, Т.Сапаров, С.Сайтбекова, И.Матчановлар [1] қарақапақ халқының миллий өзгешелигин инабатқа алған ҳалда тәрбия бериў зәрүрлигин көрсетип келешек әўладты руўхый жетилискен билимли, инсаный пазыйлетлерге бай, ақылойлы етип тәрбиялаў мәселелери бойынша илимий теориялық ҳәм әмелий усынысларын берди.

Соның менен бирге ғәрезсизликтиң биринши 20 жыллығы ишинде мәмлекетимизде жас әўладты дени саў, ҳәр тәреплеме кәмал тапқан инсан қылып тәрбиялаў, сондай-ақ, жаңаланған тәлим системасы, тәлим процесиниң мазмуны, формасы ҳәм методларын жетилистириў, алдыңғы педагогикалық технологияларды тәлим процеслерине енгизиў ҳәм де тәлим сыпатының мазмунын еле де байытыў саласында үлкемизде бир қанша илим-изертлеў жумыслары алып барылып атыр. Әсиресе, дидактика ҳәм педагогикалық технологиялар-ды жетилистириў бойынша алымларымыз көп жумыслар иследи. Булар қатарында педагогика илимлериниң докторы Е.Янгабаева, педагогика илимлериниң кандидатлары, доцент Н.Жумабаев, А.Урумбаева, П.Серимбетов, А.Ниязов, Г.Урумбаева, А.Наўрызбаева, Д.Мамырбаева, Х.Аламинов, А.Хожаниязова, М.Пирмжаров, Т.Сапарбаев, Г.Сапарова, М.Алламбергенова, Г.Қарлыбаева, Н.Қайпов, Ж.Курбанбаев, А.Тажиевалар [2] дыққатқа ылайық изертлеў жумысларын алып барды.

Ғәрезсизликтиң үшинши он жыллығында 2012-2015-жыллар аралығында илим тараўы бираз үзилиске түсе баслады. Себеби, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети 2012-жыл 28-декабрь күнги «Жоқары оқыў орнынан кейинги билимлендириў ҳәм де жоқары қәнигели илимий ҳәм илимий-педагог кадрларды аттестациядан өткериў системасын жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы 365-санлы қарардың орынланыўына бир басқышлы докторантураның талаплары жас илимпазларымыз ушын бираз қыйыншылық туўдырды. 365-қарардың орынланыўына Қарақалпақстаннан 2016-жыл бир илим докторы педагогика тараўы бойынша (DsC) жақлап шыққан болса, 2017-жыл 22-майдағы «Жоқары оқыў орнынан кейинги билимлендириў системасын және де жетилистириў ис-илажлары» ҳаққындағы 304-қарары бойынша Қарақалпақстанда педагогика илими бир қанша жоқары дәрежеде алға қарай илгериледи. Себеби, Жоқарғы Аттестация коммисиясы тәрепинен 2017-жыл 28-декабрьдеги 193-қарары тийкарында Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты, Қарақалпақ мәмлектлик университети, Ургениш мәмлектлик университети жанындағы илимий дәрежелер бериў бойынша **DSC.28.12.2017.PED.58.01.** санлы илимий кенестиң ашылыўы тарыйхый ўақыя болды. Бул илимий Кеңестиң биринши мәрте ашылыўы Қарақалпақстан ушын үлкен жаңалық болыў менен бирге қарақалпақстанлы жас илимпазларымыз өзлериниң илимий жумысларын қорғаўға еристи.

Булардан 2018-жылдың өзинде Г.Абылова, Г.Изетаева, М.Айтымбетов, Н.Нағымбетова, С.Тажбенова, Н.Матчановлар өзлериниң илимий жумысларын қорғап шыққан болса, 2019-жылдың басла-